

**PANGARUH MODEUL PROBLEM BASED LEARNING (PBL) DIBANTU
KU QUIZIZZ PIKIR NAIKAN KAMAMPUHAN PAMAHAMAN
KONSÉP MATEMATIS PESERTA DIDIK
DI SAKOLA DASAR**

**Diusun ku
RENDI
215060070**

ABSTRAK

Panalungtikan ieu dilatarbelakangi ku rendahna kamampuh pamahaman konsép matematis peserta didik di SDN 127 Sekeloa, ogé masih kawatesna inovasi dina kagiatan diajar. Dina jaman kiwari, prosés diajar merlukeun pangembangan anu dirojong ku téknologi anu relevan, henteu ngan ukur ngandelkeun buku ajar atawa peran guru wungkul. Tujuan tina panalungtikan ieu nyaéta pikeun nyaho pangaruh panerapan modél pembelajaran *Problem Based Learning* (PBL) anu dibantuan ku aplikasi *Quizizz* kana kamampuh pamahaman konsép matematis peserta didik di SDN 127 Sekeloa. Panalungtikan ieu ngagunakeun pendekatan kuantitatif kalayan métode quasi-eksperimen jeung desain *Nonequivalent Control Group Design*. Subjek panalungtikan nya éta 30 urang peserta didik kelas IV A salaku kelas ékspérimén jeung 30 urang peserta didik kelas IV B salaku kelas kontrol. Perlakuan anu dipasihkeun ka kelas ékspérimén nyaéta modél PBL dibantuan ku aplikasi *Quizizz*, sedengkeun kelas kontrol ngagunakeun modél pembelajaran konvensional. Téknik ngumpulkeun data dilakukeun ngaliwatan *pretest*, *posttest*, jeung lembar observasi kagiatan. Data dianalisis ku ngagunakeun uji normalitas, uji homogenitas, sarta uji Mann-Whitney. Hasil panalungtikan némbongkeun yén aya kanaékan sarta pangaruh anu signifikan kana kamampuh pamahaman konsép matematis peserta didik. Ieu dibuktikeun ku hasil uji Mann-Whitney anu ngahasilkeun nilai signifikansi 0,000, nilai N-Gain pikeun kelas ékspérimén nya éta 65% (kategori sedeng), sarta nilai *Effect Size* 1,82 (kategori gedé). Ku kituna, bisa disimpulkeun yén aya kanaékan jeung pangaruh anu signifikan kana kamampuh pamahaman konsép matematis peserta didik anu diajar ngagunakeun modél PBL dibantuan aplikasi *Quizizz* dibandingkeun jeung pembelajaran konvensional.

Kecap Konci: *Problem Based Learning*, *Quizizz*, Pamahaman Konsép Matematis, Diajar Matematika.